

2 AF Français/ Communication orale/ Orthographe

Comprendre et produire des énoncés simples dans des situations de communication familières.

Prezantasyon





Ti zanmi 2^{ème} lane yo, jodi a nou prale pratike di kèk bagay an franse.

Objektif leson an

Jodi a nou prale esplike sa nou ap fè, sa yon lòt moun w ap pale ak li moun ap fè ak sa yon lòt moun w ap gade de lwen ap fè.


Pati de sa timoun yo dwe konnen oswa ta dwe konnen epi ki ka ede yo

Pwonon singulier yo, se je, tu, il, elle !



Leson an


Lè w ap pale de tèt ou ou itilize pwonon je. JE. Sa rive Je tounen j' paske mo ki vini aprè a komanse pa yon vwayèl oswa yon h.




Je lis



j'écris



Lè w ap pale ak yon lòt moun ou itilize pwonon tu. TU. Lè sa a ou dekri aksyon moun nan ap fè a.





Tu joues

tu pleures



Lè w ap pale de yon lòt moun ou itilize pwonon Il si se yon gason epi elle si se yon fi. IL/ ELLE





Elle saute



Il grimpe



Elle cuisine



Il boit

Kidonk se toujou sijè a ki nan ka sa a se yon pwonon epi vèb la tankou nan modèl nou soti wè yo.

An nou fè yon ti pratik franse. Itilize pronon sijè yo pou bay repons yo
Mari ap fè aksyon desen an. Kòman w ap dekri sa?



oui se sa : Elle lit



Jan ap fè sa kisa w ap di?
W ap pale ak mwen men sa m ap fè :

Bravo! Il pleure



ou ou di m tu écris
E ou kisa w ap fè Et toi que fais tu?





Je joue


Konsolidasyon






Eske ou ka rakonte m jounen Bouki. Itilize imaj yo pou ede w konnen sa bouki fè.

Chaque matin, Bouki  la télé. Ensuite il  du lait. Il  avec son



 camion et  dans la cour ou . Quand sa maman l'appelle, il

 . Il ne veut pas rentrer. Mais quand il se calme, il  son mouchoir et

 il se . Il va étudier un peu ensuite il pourra encore jouer. C'est la vie.
Banm li sa pou te ekri :

Chaque matin, Bouki **regarde**  la télé. Ensuite il **boit**  du lait. Il **joue**
 avec son camion et **court**  dans la cour ou **fait** (du vélo)  .

Quand sa maman l'appelle, il pleure  . Il ne veut pas rentrer. Mais quand il se

calme, il **jette**  son mouchoir et il se  **lave** les mains. Il va étudier un
peu ensuite il pourra encore jouer. C'est la vie.

Verifikasyon

Kounye a rakonte jounen pa w nan kaye w. sa ou fè nan jounen an nan lòd ou fè yo. Li pou w gade si ou pa sote mo epi ekri byen pwòp.